



Apre Yon Dyagnostik Lenfom



Lenfom se kansè ki kòmanse nan gangliyon lenfatik yo ak lòt selil nan sistèm lenfatik la (yon pati nan sistèm iminitè kò a). Li sitou afekte globil blan san an, ki se premye defans kò a kont enfeksyon ak maladi. Si yo te di w gen lenfom, ou te pwobableman deja fè eskanè ak reyon x, analiz san, ak yon byopsi (yon tès ki pran kèk tisi oswa mwèl zo pou verifye prezans kansè). Gen lòt tès ki te ka fèt sou selil kansè yo pou tcheke kèk pwoteyin ak chanjman jèn yo. Ou te ka fè lòt pwosedi tou pou w konnen si kansè a te pwopaje. Tès sa yo ede doktè w konnen ki tip lenfom ou genyen, ki stad li ye, ak ki tretman ki ta ka ede.

Tip lenfom yo

Gen 2 tip lenfom prensipal. Chak tip afekte diferan tip globil blan. Yo gen diferan tretman tou.

- **Lenfom ki pa Hodgkin:** ki pi komen
- **Lenfom Hodgkin (HL):** ki mwen komen

Tretman w (ak fason li mache) pral depann de tip ak etap lenfom ou an. Opsyon tretman w yo pral depann tou de sante w ak preferans pèsònèl ou. Doktè w ka baw plis enfòmasyon sou tip lenfom ou genyen an.

Tretman pou lenfom

Gen plizyè fason pou trete lenfom. Souvan, plis pase yon tip tretman nesesè.

Lenfom ki pa Hodgkin

Gen kèk timè ki devlope lantman ke yo ka siveye, e ke yo ba bezwen kòmanse tretman touswit.

Pafwa, yo ka fè chiriji pou retire yon timè. Apre chiriji (oswa si chiriji an se yon bon opsyon) tretman an ka gen ladan chimyoterapi, ak terapi sible avèk oswa san radyasyon. Grèf selil souch ta ka yon lòt opsyon.

Lenfom Hodgkin

Lenfom Hodgkin souvan trete ak radyasyon epi medikaman tankou chimyoterapi. Pafwa, yo administre iminoterapi oswa selil souch.

Asire w ke w mande:

- Ki tip lenfom mwen genyen?
- Ki kote lenfom nan ye nan kò m?
- Nan ki stad lenfom mwen an ye, e kisa sa vle di?
- Ki lòt bagay ou te aprann nan rezilta tès mwen yo?
- Èske m ap bezwen plis tès?
- Ki opsyon tretman mwen genyen? Kisa ou panse ki pi bon pou mwen e poukisa?
- Ki objektif tretman an?
- Èske gen esè klinik pou tip lenfom mwen an?

A kisa pou m atann mwen pandan tretman an

Ekip swen kansè w la pral eksplike plan tretman w lan. Ekip sa a ka gen ladan diferan doktè, enfimyè, ak lòt pwofesyonèl swen sante, tou depann de tip tretman ou bezwen an. Pa egzanp, si ou bezwen terapi radyasyon, ou pral travay avèk yon onkolojis radyasyon. Yo pral di w ak kisa pou w atann ou anvan, pandan, ak apre tretman radyasyon. Si w nesesite lòt tip tretman, doktè w oswa ekip swen kansè w pral eksplike kijan yo bay li, ede w prepare pou li, swiv kijan w ye, epi ede w ak nenpòt efè segondè. Ou ka gen pou fè tou analiz san, eskanè, oswa lòt tès nan sèten moman pou verifye efikasite tretman w lan.

Se pa tout moun k ap fè tretman pou lenfom ki gen menm efè segondè yo. Pa egzanp, efè segondè chimyoterapi yo diferan de efè segondè radyasyon. Epi moun kap resevwa menm tretman an ka gen efè segondè diferan. Sepandan, anpil moun k ap resevwa tretman pou lenfom yo gen pi gwo risk pou fè enfeksyon paske sistèm iminitè yo febli. Yo ka di w pou w pran plis prekosyon pou evite mikwòb ki lakòz enfeksyon yo, tankou rete lwen foul moun oswa kouvri vizaj ou.

Asire w ke w mande:

- Ki efè segondè mwen ka genyen, e ki sa mwen ka fè pou m evite yo?
- Kijan n ap fè konnen si tretman mache?
- Konbyen fwa m ap resevwa tretman? Konbyen tan li pral dire?
- Ki kote m prale pou m jwenn tretman? Èske mwen ka kondwi pou kont mwen?
- Èske m ap kapab kontinye fè aktivite m konn fè yo, tankou travay ak egzèsis?

A kisa pou m atann mwen apre tretman an

Apre tretman an, mande doktè kansè w yon rezime tretman ak plan swivi an. Yo rele sa yon plan swen sivi. Doktè kansè w pral travay avèk medsen tretan w pou tcheke sante jeneral ou epi ede w jere efè segondè tretman an. Ou pral gen pou fè tès regilye pou tcheke si lenfom ou an retounen oswa si yon nouvo kansè kòmanse nan yon lòt pati nan kò w.

Pou kèk moun, lenfom ka pa disparèt konplètman. Yo ka kontinye resevwa tretman, epi tès yo pral toujou nesèsè pou verifye efikasite li.

Moun ki te gen lenfom yo gen risk pou yo genyen li ankò oswa fè lòt tip kansè. Menm lè ou santi w byen apre ou fin fè tretman, li enpòtan pou mande ekip swen kansè w la yon kalandriye regilye pou fè tès swivi pou verifye si lenfom ou an retounen.

Asire w ke w mande:

- Ki kote mwen ka jwenn yon kopi rezime tretman mwen an ak yon plan swivi?
- Konbyen fwa map gen pou m wè ekip swen kansè mwen an?
- Kilè ak kijan mwen ta dwe kontakte yo?
- Èske m ap bezwen fè lòt tès pou m wè si lenfom mwen an retounen, oswa pou m verifye si gen pwoblèm ki lye ak tretman mwen an?

- Èske m ap bezwen fè tès depistaj, tankou yon mamogram oswa kolonoskopi, pou dekouvri lòt kansè byen bonè?
- Èske gen efè segondè an reta oswa alontèm?
- Ki kote mwen ka jwenn dosye medikal mwen apre tretman an?

Rete an sante

Asire w ke ou di doktè w oswa ekip swen kansè a si nenpòt efè segondè tretman pa ale oswa si ou gen nenpòt nouvo sentòm.

Gen bagay ou ka fè pou w rete an sante pandan ak apre tretman an. Pa fimen ka ede redwi risk pou gen lenfom. Lè w genyen epi kenbe yon gwosè nòmal, manje byen, rete aktif, sa ka ede w rete an sante epi redwi risk pou w gen yon nouvo lenfom oswa lòt kansè.

Jere emosyon w yo

Lè w gen lenfom sa ka fè w santi w pè, tris oswa strese. Li nòmal pou w santi emosyon sa yo, e gen fason pou ede w fè fas ak yo.

- Pa eseye jere emosyon w yo pou kont ou. Pale de yo, kèlkeswa sa yo ye.
- Li nòmal pou santi w tris oswa deprime detanzantan, men fè ekip swen kansè w konnen si w santi emosyon sa yo pandan plis pase kèk jou.
- Si doktè w di w sa NÒMAL, kontinye fè bagay ou renmen fè tankou pase tan deyò, ale nan sinema oswa evènman espòtif, oswa ale nan dine.
- Jwenn èd nan aktivite tankou fè manje ak netwaye.

Ou ka kontakte zanmi, fanmi, oswa lidè relijye oswa gwoup. Gwoup konsèy oswa sipò kapab ede tou. Di ekip swen kansè w kijan ou santi w. Yo ka ede w jwenn bon sipò.



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit Entènèt Sosyete Kansè Ameriken (American Cancer Society) nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.